



**Pou Piblikasyon Imedya:** 27 desanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO AK CHRISTIE ANDOSE PLAN REFÒM GLOBAL POU REMANYE ADMINISTRASYON PORT OTORITE NEW YORK AK NEW JERSEY**

### ***Gouvènè yo sipòte efò lejislativ pou asire transparans nan Port Otorite***

Jodia, Gouvènè Andrew Cuomo ak Gouvènè Chris Christie te aksepte chanjman detaye ak konplè gwoup spesyal de-eta yo te rekòmande sou avni Pò Otorite. Kòm baz chanjman sa yo mande pou restriktire fonksyonman anjeneral ajans lan, sa ki gen ladan re-òganize direksyon Konsèy Komisyonè yo ak jesyon egzekitif Pò Otorite avèk kreyasyon yonsèl Ofisye Egzekitif Anchèf ak modifikasyon wòl prezidan an. Re-òganizasyon an ke Gouvènè yo aksepte a pral remete egalman Pò Otorite antyèman nan misyon orijinal li – devlope ak kenbe pi gwo sistèm transpòtasyon mond lan ak ensfrazstrikti.

Re-òganizasyon striktirèl Otorite a pral kreye liy responsabilite klè ak responsabilite ki kòmanse avèk lidèchip li. Yonsèl Ofisye Egzekitif Anchèf -- ke yo pral anboche osi rapidman ke posib baze sou rechèch nasyonal Konsèy Komisyonè a dirije -- pral ranplase Direktè Egzekitif ak Direktè Egzekitif Adjwen an. Wòl Prezidan ak vis-Prezidan aktyèl la pral modifiye nan youn nan de fason yo. Swa yo pral ranplase pozisyon Prezidan ak Vis Prezidan avèk de ko-Prezidan, youn chak Gouvènè ap rekòmande, pou eleksyon pa Konsèy Komisyonè yo, oswa Prezidans lan pral fè wotasyon ant de eta yo sou yon baz anyèl. Chak apwòch ankouraje yon balans alontèm ant enterè politik respektif eta yo, e li prezante yon modèl ki pi ekitab bay moun ki gen enterè piblik nan administrasyon Otorite a. PDG a ak swa Ko-Prezidan yo oswa Prezidan kap fè wotasyon an ak Vis Prezidan yo pral konstitye Biwo Prezidan an, ak Komite direksyon prensipal.

Chanjman òganizasyonèl nan Ajans lan pou mande ogmantasyon responsabilite se sèlman yon pati nan rekòmandasyon gwoup spesyal la pou kenbe konfyans avèk piblik lap sèvi a. Gouvènè Cuomo ak Christie ap anbrase inisyativ pou ogmante transparans operasyon delibersyon Pò Otorite a.

Anplis, Gouvènè Cuomo ak Christie aksepte epi andose lwa sou transparans, pwojè lwa No. 2183 Sena (Premye re-enpresyon), ak S6718C/A8785C, men avèk kèk chanjman rezonab pou elimine konfizyon pwojè lwa te kapab koze pa fason li ekri aktyèlman. Chanjman ki rekòmande yo pral rann li pi fasil pou moun yo pouswiv dosye piblik yo dapre lalwa. Gouvènè yo ap kontinye anbrase politik enfòmasyon lib ke yo te anonse anvan, sa ki pral bay aksè a dosye Pò Otorite yo dapre lwa toulède Eta yo, ak pratik resan pou limite strikteman itilizasyon delibèasyon sesyon seyans Konsèy la epi itilize revinyon piblik kèlkeswa lè li posib. Anplis, Pò Otorite a te gen enstriskyon pou prepare yon kòd kondwit revize pou kondwi yon atansyon renouvle ki santre sou etik ak konfòmite nan tout ajans lan, e Gouvènè yo mande kreyasyon yon pozisyon Chèf Etik ak Konfòmite pou asire kondwit etik ki pi elve.

“Nan mwa me, Gouvènè Christie ansanm avè m te mande yon revizyon konplè ak evalyasyon strikti Pò Otorite, jesyon, operasyon ak gouvènans pou jwenn fason pou Pò a pi byen sèvi toulède eta yo ak amelyore kòm yon sant komès ak transpòtasyon global,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Rekòmandasyon gwoup de-eta yo te mete sou pye a pral gen ladan refòm enpòtan pou adrese strikti gouvènans inefikasite pò a epitou li pral ede pote nouvo transparans ak efikasite nan ajans lan pandan lap apwoche dizyèm deseni sèvis li. Mwen kontan pou travay ak rekòmandasyon gwoup de-eta yo te fè, e map rete tann yon nouvo oryantasyon pou Pò Otorite a.”

“Chanjman sa yo montre bezwen pou yon re-amenajman pwofon ak nesèsè nan strikti gouvènans Pò Otorite, operasyon ak transparans nan sipèvizyon rezo transpòtasyon ak komès ki pi gwo nan mond lan,” Gouvènè Chris Christie te deklare. “Gouvènè Cuomo ansanm avèk mwen rete kòm defansè pou refòm nan Pò Otorite e rekòmandasyon gwoup de-eta yo te fè a ankouraje nou.”

#### **Yo pral adopte chanjman global ak radikal:**

- Gouvènè Cuomo ak Christie ap mande chak ak tout komisyonè yo pou bay yon òf demisyon ke Gouvènè respektif yo pral konsidere
- Kreye yonsèl Ofisye Egzekitif Anchèf pou ranplase Direktè ak asistan direktè egzekitif la
- Modifye wòl prezidan avèk kreyasyon ko-prezidan oswa yon prezidans wotasyon ant de-eta yo sou yon baz anyèl
- Kreye yon ofisye etik ak konfòmite anchèf
- Refòme dosye piblik ak liy direktiv etik Pò Otorite, ki plènmman konpatib avèk lwa sou dosye piblik lib chak eta
- Adopte yon nouvo deklarasyon misyon pou rekonsantre otorite sou misyon orijinal debaz li ak sipèvize enfrastrikti transpòtasyon rejyonal
- Re-enstale wòl lidèchip rejyonal Pò Otorite nan mete sou pye yon efò global planifye nan ane 2015 avèk yon vzyon stratejik ki konsantre sou elaji ak devlope nouvo kapasite transpòtasyon rejyonal
- Envesti nan ayewopò rejyon yo nan yon fason ki asire ke etablisman enpòtan sa yo ekipe pou sèvi kòm pò antre rejyon an pou vwayajè ak machandiz ki soti toupatou nan mond lan
- Avèk prekosyon deprive byen imobilye ki egziste deja epi restriktire pwochen investisman imobilye a sa yo ki konplè a misyon transpòtasyon debaz otorite a

- Pouswiv konstriksyon yon nouvo tèminal otobis Pò Otorite pou reponn a egzijans kwasan eleman enpòtan sa a nan rezo transpòtasyon Trans-Hudson
- Modènize etablisman Pò Komès yo pou ogmante efikasite yo epi maksimize potansyèl pò yo kòm premye pòtay chwa pou kago kap antre nan Etazini
- Chèche yon modèl operasyonèl amelyore pou sistèm tren PATH, sa ki gen ladan potansyèlman fè patenarya avèk yon operatè twazyèm pati, pou amelyore pèfòmans operasyonèl PATH epi redwi defisi finansye

Nan kad aksyon yo jodia, Gouvènè Cuomo ak Christie ap chèche pou adopte yon lejislasyon konsistan de-eta avèk rapò gwoup spesyal la. Sou kesyon sa, Gouvènè yo ap aji egzakteman menm jan sou lejislasyon Pò Otorite ki annatant nan toulède eta yo.

Toulède Gouvènè yo te anbrase lespri ak entansyon vas refòm ki genyen nan pwojè lwa omnibus, pwojè lwa Sena No. 2181 nan New Jersey ak A3944C/ S7721 nan New York. Toutfwa, pou egzekite plènan refòm nan chak zòn operasyon Pò Otorite, jesyon, ak transparans, yap mande lejislati respektif yo pou revize analiz apwofondi ak lide ki genyen nan rapò gwoup spesyal la pou gide eleborasyon yon refòm lejislasyon ki pi vas ak pi konplè. Toutfwa, alòske okenn nan Gouvènè yo pa apwouve lwa a jan li pase a, yap ankouraje lejislati respektif yo ak Pò Otorite pou travay avèk yo pou aplike vas pake refòm gwoup spesyal la te rekòmande, rekòmandasyon yo ki pral make yon nouvo kòmansman epi fòme yon baz pou refòm enpòtan pou deseni yo nan lavni.

Wap jwenn rapò gwoup spesyal de-eta yo, ansanm avèk mesaj Gouvènè Cuomo ak Chritie sou pwojè lwa respektif yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride